

RAJE

Yon raje se yon plant ki pa nan plas li. Pa gen yon definisyon syantifik pou yon raje. Deziyasyon yon raje varye de yon kiltivatè ak yon lòt kiltivatè. Sepandan, konprann raje se yon pati enpòtan nan kenbe yon jaden.

IDANTIFIKASYON

Idantifye raje nan jaden w pèmèt ou itilize diferan kalite estrateji jesyon raje pou diferan kalite raje, sa ki rann estrateji yo pi efikas. Pa egzanp, si jaden w gen Japanese Knotweed, ki se yon espès ki anvayisan, yo rekòmande pou w pa mete l nan konpòs ou. Idantifikasyon raje ka ede w ekonomize tan ak enèji tou. Si yon raje pa danjere oswa anvayisan, li ka pa mande pou plis aksyon. Liv, tankou Weeds of Northeast (Uva, Neal, ak DiTomaso, 1997), ka ede w idantifye raje yo.


PREVANSYON

- **PREPARASYON PLAS:** Eseye retire tout raje ki rete avan w plante yon nouvo plant. Apresa mete yon tapi raje sou tè zòn nan. Sa pral ede siprime grenn raje ki ta kache nan zòn plant k ap grandi yo. Nan zòn kote ou plante plant kontinyèl yo, ou ka kouvri zòn anba plant lan avèk pay pou toufe raje yo.
- **APLIKASYON KONPOS AK TÈ:** Asire ke nouvo tè ak konpos la pwòp e yo pa gen raje. Konpòs ki te fèt nan tanperati ki wo (105°F oswa pi wo) ideyal paske tanperati wo a touye grenn raje yo.
- **CHWAZI PLANT:** Asire ke espès w ap plante a pa anvayisan. Espès ki anvayisan an gen plis chans pou l pwopaje e li pral fè konpetisyon ak lòt plant ou plante yo pou l jwenn resous. Yo gen tandans tou pou yo gaye nan anviwonman ki pi laj la epi deranje ekosistèm yo.
- **EKIPMAN PWOP:** Netwaye zouti epi reutilize resipyan lè w ap deplase ant zòn nan jaden w. Sa diminye chans pou w pwopaje grenn raje nan nouvo plas nan kote w ap plante yo.




GrowBoston

growboston@boston.gov



KONTWOL KILTIRÈL

- **KOUVRI REKOT:** Itilize teknik kouvri rekòt, ki ka sipase raje yo pou dlo, solèy ak eleman nitritif. Pandan y ap dekonpoze, kouvèti rekòt yo aji tankou yon tapi òganik ki toufe raje yo, anpeche yo grandi. Kèk kouvèti rekòt, tankou winter rye, menm pwodwi èbisid natirèl pandan y ap dekonpoze.
- **WOTASYON REKOT:** Planifye pou vire rekòt ou pou w ka grandi rekòt nan diferan fanmi syantifik nan yon espas de sezon an sezon. Sa limite kapasite raje a pou l adapte ak yon plant patikilye e lakoz pi gwo domaj nan rekòt ou.
- **TWOP GREENN:** Sa enplike aplike anpil kouvèti rekòt plizyè fwa nan kote ki vid nan jaden w. Plante sou sa ki la deja pèmèt yon rekòt etabli tèt li ak toufe raje nan zòn sa a.



Ilustrasyon pa Olivia Golden

JESYON RAJE

- **ANPECHE YO FÈ GREENN:** Li enpòtan pou w retire raje nan jaden w avan yo fè flè. Si w paka jwenn raje yo avan yo fè flè, li enpòtan pou w rache yo avan yo kòmanse fè grenn ki gen matirite. Sa ka anpeche raje pwopaje epi lakoz pi gwo pwoblèm nan jaden w.
- **RALE RAJE AK TOUT RASIN:** Pandan ke zouti jaden ka deranje raje yo, men-rale raje ak rasin se jeneralman youn nan metòd ki pi efikas òganik nan jesyon raje pou yon ti teren. Lè w rache yon raje, eseye retire tout plant la, enkli rasin nan. Si mòso nan rasin nan rete, plant la ap repouse.
- **ELIMINASYON RAJE ANVAYISAN:** Si w reyalize yon raje nan jaden w se yon espès ki anvayisan, pi bon pratik la se rale tout raje a, enkli rasin nan, mete l nan yon vezo oswa sache, epi jete l nan fatra. Mete espès anvayisan nan konpòs ka pèmèt yo pwopaje nan jaden w.